# आकाशवाणी, गोरखपुर

## दिनांक–21 मई 2024 भोजपुरी समाचार

लोकसभा चुनाव के पांच फेरा क मतदान पूरा भइले के बाद अब राजनीतिक दल छठवां अउर आखिरी फेरा क मतदान बदे आपन ताकति झोंकि दिहले हौ। सज्जो राजनीतिक दलन क सीनियर नेता अउर स्टार प्रचारक अपने–अपने ओम्मेदवारन के पक्ष में जनसभा, रैली अउर रोड–सो कइ के मतदान क अपीलि कइ रहल हवें। भाजपा क सीनियर नेता अउर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी आजु प्रयागराज के परेड मैदान में एगो जनसभा के सम्बोधित करत आस्था अउर विकास क नारा दे के बिपक्ष पर मजिगर प्रहार कइलें। उहां के कहलीं कि सुसासन अउर आस्था से कांग्रेस अउर सपा गठबंधन क छत्तीस क रिस्ता हौ। उहां के कहलीं कि इंडी गठबंधन में विकास के बारे में सोचले नाहीं जा सके ला। श्री मोदी सपा अउर कांग्रेस पर तुस्टिकरण के ले के कम्पटीसन करे क आरोप लगवलें। उहां के कहलीं कि इंडी गठबंधन क नाइ डूबि रहलि हौ, एहसे ओकर नेता लगतारे झूठ बोलि रहल हवें। प्रधानमंत्री आजु दुइ दिन क दौरा पर अपने संसदीय क्षेत्र वाराणसी पहुंचि रहल हवें। ओइजा उहां के पचीस हजार से बेसी मेहरारून से संवाद करबि। ओहर, भाजपा क सीनियर नेता अउर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ आजु कई जगहिनि पर चुनावी रैलियन के सम्बोधित कइलें।

बलरामपुर जिला क विशुनपुर विश्राम में आयोजित जनसभा के सम्बोधित करत श्री योगी बिपक्षी दलन क नेता लोगिन पर जमि के हमला बोललें। उहां के कहलीं कि कांग्रेस सरकार हमेसा खाली घोटालन के बढ़ावा दिहलस। जबकि भाजपा सरकार देस के भ्रस्टाचार से मुक्त करे क कार कइलस। उहां के कहलीं कि मोदी सरकार सीमा के सुरक्षित कइले हौ अउर देस क लोगिन के नया भारत क दरसन करवले हौ। डुमरियागंज के राजकीय कन्या इण्टर कॉलेज के मैदान में आयोजित चुनावी जनसभा के सम्बोधित करत मुख्यमंत्री कहलें कि सपा अउर माफिया क चोली–दामन क साथ रहल हौ। उहां के कहलीं कि सपा सरकार क संवेदना गरीबन के साथे नइखे बलुक माफियन के साथे रहल। सपा क राष्ट्रीय अध्यक्ष अखिलेश यादव आजमगढ़ क खरेवा सरायमीर में एगो चुनावी जनसभा के सम्बोधित करत कहलें कि भाजपा क सरकार पछिला दस बरिस से लूट क झूठ के साथे देस में जमलि हौ। देस क जनता येह बाति के समझि चुकलि हौ। उहां के बीतल दिनन में प्रतियोगी परीक्षा के समय पेपर लीक प्रकरणो क मंच से चरचा कइलीं। कहलीं कि पेपर लीक भइले से इंतिहान रद्द करे के पड़ल, जवना से नोकरी क ओम्मीद लगावल लोगिन के निरासा क सामना करे के परल। बसपा प्रमुख मायावती आजु जौनपुर में एगो चुनावी जनसभा के सम्बोधित करत कहलीं कि कांग्रेस क पुरखा लोगि संविधान के खिलाफ कार कइले हवें। भाजपो येही राहि पर चललि हौ। उहां के भाजपा पर कथनी अउर करनी में अन्तर क आरोप लगवलीं।

**********

लोकसभा चुनाव के पांच फेरा क मतदान पूरा हो गइले के बाद अब छठवां अउर सतवां फेरा क मतदान बदे मतदाता जारूकता अभियान के तेज कइ दिहल गइल हौ। आखिरी दुइ फेरा क मतदान वाले संसदीय क्षेत्रन में मतदान के प्रेरित करे बदे जिला प्रसासन अउर स्वयंसेवी संगठनन की ओरि से विविध आयोजन कइल जा रहल हौ। येही क्रम में गोरखपुर में जिला प्रसासन क एगो अनोखा पहल देखे के मिलि रहल हौ। ओइजा जिलाधिकारी अउर जिला निर्वाचन अधिकारी कृष्णा करूणेश की ओरि से मतदान प्रतिसत बढ़ावे बदे लोकसभा सामान्य निर्वाचन दुइ हजार चउबीस के नांव पर एगो आमंत्रण पत्र डिजिटल जरिया से लोगिन ले भेजल जा रहल हौ। निमंत्रण कार्ड क स्वरूप के येह मामंत्रण पत्र से लोगिन के एक जून के मतदान करे बदे बोलावा दीहल जा रहल हौ।

**********

बुद्ध पूर्णिमा क परब आवे वाला तेइस मई के सरधा–भक्ति अउर हंसी–खुसी के वातावरण में मनावल जाई। येह मौका पर भगवान बुद्ध क महापरिनिर्वाण स्थली कुशीनगर में बिसेस आयोजन क तइयारी हौ। येह मौका पर ओइजा होखे वाले आयोजन के ले के भारतीय अउर बिदेसी बौद्ध विहारन के आकरसक ढंग से सजावल जा रहल हौ। भिक्षु संघ आयोजन समिति क संयोजक टी.के. रॉय बतवलें कि बिहने संझा महापरिनिर्वाण बुद्ध मंदिर में खास पूजा होई अउर राति में धम्मदेसना क कार्यक्रम आयोजित होई। तेइस मई क सबेरे बुद्ध जयंती समारोह क सुरूआत प्रभातफेरी अउर रथयात्रा से होई। मुख्य कार्यक्रम म्यामांर बौद्ध मंदिर में होई। म्यांमार क राजदूत ऊ मो चो आंग येह कार्यक्रम क मुख्य अतिथि होइहें।

**********

सिद्धार्थनगर अउर महराजगंज के तराई इलाकन में काल्हि संझा भइल बरखा के नाते गोरखपुर के साथे प्रदेस के कई पूरबी जिलन क तापमान गिरि गइल हौ, जवना से लोगिन के भीसण गरमी से राहति मिललि हौ। मौसम विभाग के हिसाबि से अगिला दुइ से तीनि दिन ले चंदौली, वाराणसी, गाजीपुर, बलिया, आजमगढ, मऊ, गोरखपुर, देवरिया, कुशीनगर जिलन में गरज–चमकि के साथे बूंदा–बांदी से ले के हल्लुकाहे बरखा क आगम हौ। मौसम विभाग कुछु जगहिनि पर आसमानी बिजुली गिरले क अनेसो जतवले हौ। ओहर, प्रदेस में हीट वेव क असर के देखि के मेरठ, नोएडा अउर गाजियाबाद में कक्षा आठ ले क सज्जो स्कूलन के पचीस मई ले बन्न कै दिहल गइल हौ।

**********